



Olga Hugelmeyer
Sipètentandan Lekòl yo

7 Septanm, 2023

Chè Paran (yo) oswa Gadyen:

Sekirite ak byennèt tout manm kominote aprantisaj Lekòl Piblik Elizabeth yo se pi gwo priyorite nou.

Tanpri sonje, akòz yon avitasyon sou chalè ki te pibliye pou demen, Vandredi 8 septanm, ak valè endèks chalè antisipe 95-100, **tout lekòl distri yo pral gen yon ranvwa bonè**.

Elèv ki nan **klas 9yèm-12yèm ane** yo pral lage a **11:45 am**.

Elèv ki nan **Klas Pk-8** pral lage a **12:15 pm**.

Manm ekip Lekòl Piblik Elizabeth yo pral travay ansanm pou bay tout elèv yo anviwònman aprantisaj ki pi an sékirité epi ki pi konfòtab posib pandan lè lekòl demen. Distri lekòl la pran mezi espesifik pou kenbe tout moun frè ak an santé. Mezi sa yo enkli bese lonbraj bonè nan maten pou anpeche reyon soley chofe sal klas yo, itilize fanatik pòtab koté yo disponib, obsèvasyon kontinyèl ak anrejistremant tanperati nan tout salklas lekòl yo, epi limité aktivité fizik yo. Anplis de sa, dlo ap disponib pou elèv yo ak anplwaye nan chak lekòl. Yo pral pran plizyè poz pou yo bwè dlo pou kenbe elèv yo ak anplwaye yo idrate.

Mwen ankouraje pou tout paran asire ke pitit yo bwè anpil dlo. Lè nou travay ansanm, n ap kenbe elèv yo an sekirite, an sante, ak kè kontan.

Sensèman,

Olga Hugelmeyer

Biwo Sipètentandan Lekòl yo